

Yon Prensip Lidèchip Fòm Moun



“Bòs la gendwa jwenn plis ranman nanmen yon apranti ki pa antrene pase nanmen yon ouvriye ki fò men ki rebèl.” Pwovèb 26:1

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Fòm (devlope) vle di pou vin gradyèlman pi konplè, pi gran oswa pibon. Sa kapab aplike a nenpòt bagay oswa moun, pwodwi oubyen atitud. Paske lavi se yon pwosesis, nou tout enplike nan devlopman (fòmasyon) nou fizikman, mantalman ak espirityèlman. Nou pa fèt tou devlope, men nou tout fèt ak potansyèl pou nou devlope. Donk, poukisa ou pito bay moun ki pa antrene travay pase moun ki antrene men rebel? Byen senpleman, rebel ki antrene an panse li konnen tout bagay; donk li kapab pa adaptab a òganizasyon nou an. Talen li gendwa bon men li genyen yon atitud twò fyè de tèt li ak talan li, li va bay pwoblèm. Sa di nou ke volonte yon moun gen plis vale pase talan li. Si nou genyen volonte yon moun, nou kapab devlope potansyèl li.

Genyen 2 bagay ki trèzenpòtan nan lavi nenpòt moun:

1. Anviwonman kote nou fèt epi nou leve.
2. Anviwonman ke nou chwazi pou tèt nou.

Premye anviwonman an se pa chwa pa nou. Men ki bannou manje, atitud ak kijan yo trete nou menmjan ak bagay yo anseye nou va genyen anpil pou wè ak lavni nou. Poukisa? Paske nou tankou materyèl kri yo gendwa bay fòm epi moule vin tounen preske nenpòt bagay. Uit (wit : 8) premye ane nan vi nou va detèmine anpil nan sa lavni nou va ye poutèt paradig yo te devlope nan nou menm.

Natirèlman, nou gendwa pran desizyon pou tèt nou pita, men menm la se paradig pase nou ki va fè yo.

Dezyèm anviwonman an ke nou chwazi pou tèt nou, petèt pi anpòtan toujou pase premye an, paske nou vin responsab pwòp chwa pa nou. Donk, si premye anviwonman nou te bon, li va kontinye ede nou

devlope. Men si nou te leve nan sèvitid, nou genyen opòtinite pou nou aksepte oswa kreye yon nouvo. Se tankou si nou t ap fèt yon dezyèm fwa. Nouvo anviwonman va bannou nouvo paradig ak yon chans pou nou devlope potansyèl nou. Nou dwe sonje pouvwa anviwonman. Lespri moun se tankou yon grenn ; nan chak grenn genyen potansyèl pou lavi. Si grenn nan nan yon anviwonman ki sèk, frèt, li p ap pwodwi oswa devlope ; li va rete tankou yon bagay k ap dòmi. Men si nou pran grenn sa a epi nou mete nan yon anviwonman tyèd, byen imid, li va otomatikman grandi epi devlope. Li va rive atenn tout potansyèl li si anviwonman an rete kòrèk. Se menmjan ak nou—si anviwonman an bon, nou grandi epi nou vin gen matirite epi nou bay tout potansyèl nou. Prensip sa a mache pou fanmi, biznis oswa nenpòt òganizasyon.

Nou dwe toujou konsidere twa bagay sa yo lè n ap grandi epi devlope:

1. Toutvi nou, nou dwe genyen yon vityon fiks sa nou vle vini demen.
2. Ekzamine pase nou pou wè si nou bezwen chanje paradig pou nou rive kote nou vle a.
3. Etidye valè lavi a epi detèmine kilès ladan yo ki kreye bon anviwonman

pou objektif nou. Nou pa dwe janm konsidere nou twò vye pou nou revize paradig sa yo.

Sepandan, plis nou viv ak yon paradig, Plis l ap difisil pou n kapab kraze li. Donk nou dwe aksepte lefèt ke si nou vle devlope tout potansyèl nou, nou dwe toujou prepare n pou nou chanje. Gendwa nou vle chanje lèzòt olye tèt pa nou. Si nou pral fòm pitit nou, anplwaye ak sosyete nou, nou dwe mennen yo ak valè ki kòrèk. Kòm papa ak manman, nou dwe pran responsabilite prepare pitit nou pou lavni yo. Anpil nan lavni yo depann de noumenm. Kòm patron, nou t a dwe fòm moun pou yo adapte nan òganizasyon nou ak lavni yo nan lespri nou. Rezilta final tout enfliyans nou sou moun ak fòmasyon yo se kreyasyon yon kilti, yon anviwonman kote n ap viv. Nou dwe toujou sonje nou va devlope oswa kreye sityasyon ak siksè nou nan fason nou fòm moun ki depann de nou.

Prensip sa a fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Yon vwayaj « ego » se kòm si w pran vakans san w pa jan kite lakay ou

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete